



Pou Piblikasyon Imedya: 13/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO EFÒ SIBLE POU VAKSINE TRAVAYÈ YO NAN FÈM ETA NEW YORK AK NAN KONPAYI PWODIKSYON ALIMANTÈ YO

*Eta pral fè patenarya avèk Sant Sante ki Federalman Kalifye epi depatman sante lokal yo pral pote sit vaksinasyon tanporè nan fèm yo ak nan etablisman pwodiksyon alimantè yo*

*Eta a pral bay premye alokasyon 500 dòz pou Sun River Health pou vaksine travayè yo nan etablisman Angry Orchard ak lòt etablisman nan zòn Konte Orange yo a apati 21 avril; yo pral sèvi travayè migran yo*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo efò sible pou vaksinen travayè yo nan fèm Eta New York ak nan etablisman pwodiksyon alimantè yo. Eta a pral kowòdone ak depatman sante lokal yo ak Sant Sante ki Federalman Kalifye pou pote sit vaksinasyon tanporè bay travayè yo, ki gen ladan travayè migran yo, nan kote yo travay yo.

Gouvènè a te anonse tou nan kad nouvo efò vaksinasyon an, Eta New York pral bay 500 dòz pou Sun River Health, yon rezo swen sante lokal, pou administre bay anplwaye Angry Orchard yo, ansanm ak travayè pwodiksyon fèm ak manje yo nan lòt etablisman yo nan zòn nan Konte Orange. Yo pral administre vaksen yo apati mèkredi, 21 avril.

"Pandan n ap kontinye agrandi elijibilite pou vaksen COVID-19 la epi etabli plis sit tanporè pou rive jwenn Nouyòkè yo nan kominate defavorize yo, li enpòtan pou nou pote vaksen an nan chak pati nan eta a, pa sèlman pou sa yo ki gen yon popilasyon eleve. Se poutèt sa nou ap asire ke travayè pwodiksyon manje ak travayè agrikòl yo nan zòn riral yo, ki gen ladan travayè migran yo, yo pran vaksen pou COVID-19 la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo efò sa a pou pote vaksen an dirèkteman bay kiltivatè yo ak travayè pwodiksyon manje yo nan plas kote yo travay yo se yon etap enpòtan pou atenn yon popilasyon ki abite nan pati ki pi lwen yo nan eta a. COVID rete yon menas pou nou tout, men nou gen zam ki pral genyen lagè a—nou jis bezwen asire ke li disponib pou tout moun ki elijib atravè New York."

**Ofisyen Egzekitif An Chèf Sun River Health la, ki se Anne Kauffman Nolon, MPH, te deklare,** "Nou kontan anpil pou sipòte Gouvènè Cuomo nan bay aksè ak vaksen COVID-19 yo pou travayè agrikòl Eta New York yo. Moun sa yo kiltive ak rekòlte manje

ki sou tab nou yo. Vas majorite pwodiksyon alimantè esansyèl New York la kontinye pandan tout ane a, e anpil nan travay sa a fèt alentyè. Travay ak kiltivatè yo ak patnè kominotè nou yo pou simonte baryè aksè ak vaksen pou pati ki enpòtan anpil sa a nan kominote nou an se yon gwo etap pi devan nan mete yon fren nan pandemi COVID-19 la".

**Direktè Biwo Agrikòl Eta New York la, ki se Chris Kelder, te deklare,** "Travayè agrikòl yo esansyèl nan siksè agrikilti ak pou nouri dè milyon konsomatè New York, soti nan Konte St Lawrence rive Manhattan. Li enpòtan pou travayè yo gen aksè kontinyèl ak vaksen COVID-19 yo pou garanti sante yo ak sekirite pandan y ap fè travay yo. Aksè ak vaksen yo se toujou premye priyorite Biwo Agrikòl New York ak kiltivatè yo toupatou nan eta a. Nou apresye Gouvènè Cuomo k ap souliye enpòtans pwoblèm sa a epi nou apresye Sun River Health, ak pwofesyonèl swen sante yo atravè New York, pou efò yo pou vaksinen travayè agrikòl yo".

Efò pou vaksinen travayè pwodiksyon alimantè yo ak travayè agrikòl yo baze sou efò New York pou konbat ensekirite alimantè pandan pandemi COVID-19 la. Bidjè Ane Fiskal 2022 yo Adopte a ajoute 50 milyon dola pou Nourish New York (Nouri New York) pou yon total 85 milyon dola pou pwolonje pwogram lan nan tout ane 2021 an. Pwogram enpòtan sa a ede moun ki nan ensekirite alimantè jwenn aksè ak manje bezwen an, li pwofite de gwo endistri agrikòl Eta New York la pou konekte bank alimantè yo ak founisè yo pou yo ka achte manje ki kiltive epi ki pwodwi lokalman.

Depi Gouvènè a te lanse Nourish NY nan pik pandemi COVID-19 la an avril 2020 an, yo te achte 21 milyon liv pwodwi agrikòl anplis nan men kiltivatè New York yo epi yo te livre yo bay plis pase 1.3 milyon fanmi ki nan bezwen nan tout Eta New York. Achte ak distribye manje nan itilize twazyèm faz finansman sa a - ki te premye anonse pandan Diskou sou Eta Leta 2021 Gouvènè a - sou wout pou fèt aktyèlman.

**Direktè Egzekitif Ministè Riral & Migran an, ki se Reveran Richard Witt, te deklare,** "Li enpòtan pou nou tout enplike nan sistèm alimantè a: travayè agrikòl yo, kiltivatè yo, konsomatè yo, sistèm sante a ak Eta kontinye travay avèk dilijans pou asire ke yo pwoteje ak vaksinen travayè agrikòl yo. Anons jodi a se yon etap an avan ki enpòtan".

**Kowòdonatè Rejyonal Catskill Ministè Riral & Migran an, ki se Juanita Sarmiento, te deklare,** "Mwen te konstate enpak pandemi sa a pèsònèlman, pandan mwen t ap tradwi ak ede kominote lokal riral ak migran nou yo ak tès ak vaksen yo. Nou bezwen kontinye defann non sèlman efò yo pou kenbe New York an sante, men pou etabli yon kanpay edikatif aksesib sou enpòtans efò vaksinasyon ak efò tès yo. Mwen kontan wè nou franchi etap an avan sa yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif |[press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

ANILE ENSKRIPSYON OU